

Ohm's law	lwa Òm	endike kouran ki nan yon sikui egal a diferans vòltaj divize pa rezisntans lan.
oil	petwòl	fosil likid ki fòme nan òganis maren ki boule pou jwenn enèji epi ki itilize nan izin plastik.
olfactory cell	selil òlfaktif	selil nève nazal molekil yo vin eksite nan lè a epi ki voye enfli nève nan sèvo a pou entèpretasyon odè yo.
omnivore	omnivò	zannimo ki manje plant ak zannimo oswa chè zannimo; mamifè ki gen dan ensisif, dan kanin ak dan molè plat pou manje plant ak lòt zannimo.
opaque	opak	sibstans ki absòbe oswa reflekte tout limyè men ki pa transmèt okenn limyè.
open circulatory system	sistèm sikilatwa ouvè	sistèm sikilasyon san kote san an deplase atravè veso yo ak andedan espas ouvè yo ozalantou ògàn kò a.
optical axis	aks optik	liy dwat imajinè ki pèpandikilè ak sant yon miwa konkav oswa ak yon lantiy konvèks.
orbit	òbit	trajektwa koube yon satelit swiv lè l ap vire ozalantou yon objè.
ore	minrè	depo kote yon mineral egziste an gwo kantite ki sifi pou yo eksplwate pou reyalize yon pwofi.
organ	ògàn	estrikti, tankou kè, ki fòme avèk diferan kalite tisi k ap travay ansanm.
organelle	òganèl	estrikti nan sitoplas yon selil ekaryotik ki ka ajì kòm anplasman yon depo, transfòmè enèji, deplase sibstans oswa fabrike sibstans.
organic compounds	konpoze òganik	gwo kantite konpoze ki gen eleman kabòn.
organic evolution	evolisyon òganik	chanjman òganis nan peryòd tan jeyolojik.

organism	òganis	nenpòt kreyati vivan.
osmosis	osmoz	yon kalite transpò pasif ki fè lè dlo gaye andedan yon manbràn selilè.
outwash	epandaj flivyo-glasyè	sibstans dlo fonn yon glasye depoze.
ovary	ovè	nan plant, se baz anfle yon pistil anjyospèm, kote yo jwenn ovil ki pwodui ze; nan moun, se ògàn repwodikfi femèl ki pwodui ze epi ki lokalize nan pati enferyè (anba) kò a.
overtone	son amonik	vibrasyon ki gen frekans ki se yon miltip frekans fondamantal.
ovulation	ovilasyon	pwosesis mansyèl kote yon ze sòti nan yon ovè epi li antre nan ovidik la, kote espèm ka fètilize li.
ovule	ovil	nan plant ki gen grenn, se pati femèl repwodiktif ki pwodui ze yo.
oxidation	oksidasyon	pwosesis degradasyon chimik ki fèt lè kèk mineral ekspoze nan oksijèn ak dlo pandan yon peryòd tan.
oxidation number	nonm oksidasyon	nonm pozitif oswa negatif ki endike fason anpil elektwon yon atòm an gen, an pèt oswa separe pou vin estab.
ozone depletion	destwiksyon kouch ozòn	dispèsyon kouch ozòn nan tè a akòz klowofliyokabòn yo (CFCs) k ap koule nan lè a epi k ap reyaji chimikman avèk ozòn pou fè molekil ozòn yo separe.
ozone layer	kouch ozòn	kouch estratosfè ki gen yon gwo konsantrasyon ozòn; li absòbe pifò radyasyon iltravyolè nuizib solèy la.